# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

UDK:371.036:17.02

### SHAŃARAQTÍŃ SOCIYAL-PEDAGOGIKALÍQ TIYKARLARÍ

**N.P.Abdimuratova** – *pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so'zlar:** ota-ona, tarbiyachi, jamiyat, pedagogika, psixologiya, shaxs, oila
**Ключевые слова:** родители, воспитатель, общество, педагогика, психология, личность, семья.
**Key words:** parents, teacher, society, pedagogy, psychology, personality, family.

Hár qanday jámiyettiń bekkem tiregi hám keleshegi sol jámiyet aǵzaları dúnyaǵa kelgen, tárbiyalanǵan hám hár tárepleme qáliplesken shańaraqtıń bekkemliligi menen tıǵız baylanıslı. Shańaraq jámiyettiń bir bólimi bolıp, onnan jámiyet payda boladı. Jámiyettegi ózgerisler shańaraqqa tásir etkenindey, shańaraqtaǵı ózgerislerde jámiyetke óz tásirin ótkeredi. Shańaraq áwladlar dawamshısın támiynleytuǵın, muqaddes úrp-ádetlerimizdi saqlaytuǵın, sonıń menen birge, keleshek áwladlar qanday bolıp ósip-ónetuǵınına tuwırı tásir kórsetetuǵın tárbiya oshaǵı.

Hár bir adam ómirdiń máńgiligin saqlaw hám dawam ettiriw ushın úsh qaǵıydaǵa ámel etiw lazımlıǵı kórsetilip, bular, *úyleniw, perzentli bolıw* hám *shańaraqlı* bolıw, «bul dúnyada hár bir insan erjetip, kásip-óner iyelep, turmısta óz ornı menen keleshegin anıqlap shanaraq qurıwdı qáleydi, aqıl-parasatlı hár bir adam, bul jaqtı dúnyada ómir bar eken, shanaraq bar ekenligin jaqsı ańlaydı, shańaraq bar eken, ómirdiń máńgiligi, biybaha jemis bolǵan perzent bar ekenligin, perzent bar eken, adamzat hámiyshe keleshegin oylap, jaqsı arzıw úmitler menen jasaydı»- dep táriyplenedi [4].

Ullı aǵartıwshı Abu Nasr Farabiy «Adamgershilikli qala turǵınlarınıń kózqarasları» atlı miynetinde shańaraq haqqında óziniń ideal pikirlerin bayan etedi, «Úy belgili bir bólsheklerden hám birikpelerden quraladı, solardıń arqasında gúllenedi. Bular sanı jaǵınan tórtew: eri menen áyeli, xojeyni menen xızmetshisi, áke-sheshesi menen balası, dáske múlki hám dáske múlktiń iyesi. Kimde-kim bul bólekler menen birikpelerdi basqarsa, kimde-kim olardı bir-biri menen qosıp, bir maqsetke jetiw ushın úydi hár túrli iygilikler menen toltırsa, kimde-kim bul iygiliklerdi saqlaw ushın báriniń arasında baylanıs ornatsa ol adam úydiń biylewshisi hám hákimi boladı. Onı xojeyin dep ataydı, qalada qala hákimi qanday bolsa, ol úyde sonday boladı» - dep bildiredi [1].

Muqaddes dinimiz islamda hám onıń karamatlı kitabı «Quraniy Karim»de, Hádis ilimi qatarlarında da shańaraq, er menen hayal ortasındaǵı múnásibetler haqqında qımbatlı maǵlıwmatlar hám kórsetpeler beriledi [3]. Máselen: nekeden ótiwshilerdiń óz ara razılıǵı; neke jasına tolıwı; nekeden guwalar qatnasında ótiw; kelin ushın qalıń tólew; nekeleskende jaqın tuwısqan bolmaw; jámiyetlik shıǵısı jaǵınan teń bolıw hám ruwxıy jaqtan salamat bolıwı. Bul shártlerge ámel qılınıp dúzilgen neke nızamlı esaplanıp usı arqalı eki táreptińde huqıq hám minnetleri tolıq támiynlengen. Bunda, er menen hayaldıń ornı belgilenip, er shańaraqtıń barlıq materiallıq hám ruwxıy tárepine juwapker, hár qanday shetten bolatuǵın qáwip-qáterden qorǵaytuǵın shaxs. Sonıń ushın erkek shańaraq iyesi, xojalıqtıń ruzgershiligine juwapker, is bilermen, sabır-taqatlı sıpatları menen húrmetke miyasar bolsa, hayal erine sadıqlıǵı, kúyewiniń úyin abat qılatuǵın, oǵan bir ómir qoslas-joldas bolıp, ibratlı úy biykesi esaplanadı.

Amerikalı pedagog, psixolog Deyl Karnegiy «Shańaraq turmısıńızdı jáne de baxıtlı etiwge imkaniyat beriwshi jeti qaǵıyda» [4] atlı shıǵarmasında keltirgen turmıslıq waqıyalarınan mısal alsaq boladı: Napalyon dúnyaǵa belgili sahibjamal grafinya Tebskaya (Mariya Evgeniya Ignasiya Avgustina de Montixo)nı jaqsı kórip, taxt ústinde otırıp pútkil milletke jar saladı. Kitaplarda jazıwınsha, «Napalyon hám onıń qalıńlıǵında hámme nárse: salamatlıq, baylıq, hákimiyat, dańq-abray, sulıwlıq, bir-birine ıshqı-muhabbat hám bular ushın bárshe sharayatlar bolıp, hesh qashan muqaddes neke gúlxanı bunshelli nur shashıp lawlamaǵan edi, lekin bul ot kóp ótpey sóne basladı hám onnan tek kúl qaldı» - dep keltiredi. Qızǵanıshtan kózikór bolǵan Evgeniyanıń gúman, qáweterleniw júregin kemirip, eriniń kabinetine juwırıp kirip qáháretlep, qıshqırıp onıń arnawlı is rejelerin joqqa shıǵarar, Franciya imperatorı tıǵılarǵa tesik taba almas edi. Napaleyon yarım aqshamda shlyapanı basıp kiyip, jasırın, janına eń jaqın bir dostın alıp kóshede tentirep júrer edi, qoldan ketken imkaniyatlar hawasınan nápes alar edi.

Graf Tolstoy óziniń aspan áleminde óshpes juldızlarǵa aylanǵan «Urıs hám paraxatshılıq», «Anna Karenina» shıǵarmaları, ataq-dańqı, baylıq, perzentler, biraq keyin kambaǵal ómir keshirdi: dalada isledi, otın shaptı, pishen ordı, ózi ushın shulıq tikti, xanasın ózi sıpırdı, aǵash tabaqta awqat jedi. Lev Tolstoy ómiriniń qayǵılı bolıwına sebep onıń ómir joldası edi. Sofiya Andreevna saltanat, dańq-abroy, mártebe, pul, mal-dáwlet dep jasadı. Lev Tolstoy 82 jasında 1910-jıl. óziniń hayalınan uzaqta qayǵılı ómirge tózim qıla almay dúnyadan ótti, bul ullı oyshıl, danıshpannıń keyingi ótinishi «meniń jerley meresimime hayalımdı keltirmeń»-degen. Graf Tolstoydıń hayalı keyninen «men haqıyqattanda aqmaqlıq is qılǵan ekenmen»-degen, lekin bul kesh bolǵan, qızlarına «Ákeńizdiń ólimine men sebepshi boldım»-dep tán alǵanında qızları ókirip jılap jibergen.

Avram Linkolnniń ómiriniń qayǵılı bolıwında da shańaraq, hayalı boldı. Linkoln xanım haqqında bunday dep jazadı: «qulaqtı tesip ketiwshi dawısı kósheniń arǵı basına esitiledi, onıń qáhár-ǵázebin kim jaqın bolsa biledi,onıń tek ǵázepli sózi emes al, qılıqlarınıń ózi qap-qap» - dep keltiredi. Linkoln xanım, malika Evgeniya, grafinya Tolstoya minez-qulqı tek qayǵılı ómirdi alıp keldi». Mine, shanaraq filosofiyası. Psixolog alımlar adamnıń ómirde kim bolıwı, qanday bolıwı minez-qulqıńa baylanıslı, minez-qulıq peshanańa basılǵan tańba, keleshegińniń jarqın kórinisi-deydi.

Ata-babalarımız óz perzentlerine shańaraq bolıwda, *"bir nekeli, kóp perzentli shańaraq penen quda bolıń"*-dep wásiyat etedi. Qabusnamada: *"balańnıń xojalıq isine (qayırlı iske) úyleniwge meyli bolmasa, jaqsı xojalıqtıń, bir insannıń qızın bálege giriptar qılmaǵıl ekewide bir-birinen biyzar boladı, bunı sen bileseń. Bunday waqıtta óz erkine qoy, úlkeygende ózi neni qálese sonı qılsın"* [3]- dep balanı úyleniwge zorlamaw ya qayıl emes qalıńlıǵın alıwǵa úgitlemew kerek ekenligin eskertedi. Insannıń qáliplesiwinde, ómirde óz ornın tabıwı, el-jurt húrmetine iye bolıwında ol ósken shańaraq úlken áhmiyetli rol oynaydı.

*Jaslarda shańaraq turmısı bilimin qáliplestiriw jollari:* [2]

• Oqıwshılarda shańaraqtı úyreniwshi psixologiyalıq diagnostika metodikaları menen islesiw hám olar járdeminde alınatuǵın nátiyjelerdi tuwrı analizlew bilimlerin qáliplestiriw;

• Shańaraqtıń jeke adamnıń qáliplesiwindegi roli haqqında jaslarǵa tolıq maǵlıwmat beriw;

• Jaslarda shańaraqtıń jámiyetlik tariyxıy kelip shıǵıwı hám júzege kelgennen keyingi shańaraq turmısı dawamında bolatuǵın ózgerisler haqqında ilimiy tiykarlanǵan bilimler menen tanıstırıw;

• Jaslarda shańaraq turmısında shártli túrde payda bolatuǵın ózgerisler, mashqalalar, tártipler haqqında ilimiy tiykarlanǵan tolıq kórinislerdi qáliplestiriw hám jaslardı usı processke tayarlaw;

• Jaslardı shańaraq turmısında payda bolatuǵın mashqalalarǵa konstruktiv tús beriwge, destruktiv baǵdarlardan bolsa saqlanıwǵa uyretiw;

• Jaslarda shańaraq turmısında ózine tán ózgerislerdi ilimiy tiykarlanǵan túrde talqılaw, mashqalalı jaǵdaylardan psixologiyalıq jaqtan aqılǵa muwapıq shıǵıp ketiw imkaniyatın beriwshi bilimlerdi qáliplestiriw;

• Jaslarda ózlerine turmıs ortaǵın tuwrı tańlaw bilimlerin qáliplestiriw;

• Jaslardı shańaraq qarım-qatnısına hám jınısıy qatnas turmısına ilimiy tiykarda úyretiw;

• Jaslarda shańaraqtıń bekkemligin támiynlewshi bilim hám kónlikpelerdi qáliplestiriw.

Harbir millet shańaraǵınıń ózine tán ózgesheligi, milliy mádeniyatı, milliy ádebiyatı, milliy tili hám ruwxiy tárziniń quramında óz sáwleleniwin tapqan. Búgingi kúni mámleketimizdiń barlıq tarawında júz berip atırǵan jańalanıw hám ózgerisler ishinde eń áhmiyetlisi shańaraq haqqında, shańaraq institutına mámleketlik siyasat dárejesinde áhmiyet berip atırǵanı menen kórinedi. Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 76-statiyasında: “Shańaraq jámiyettiń tiykarǵı buwını hám de jámiyet penen mámlekettiń qorǵalıwında boladi” dep, mámleket shańaraqtiń tolıq rawajlanıwı ushin jamiyetlik, ekanomiykalıq, huquqiy hám basqada sharsharayatlar jaratadı” [5] - dep kórsetilgen. Mámleketimizde shańaraq institutın bekkemlew Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes ústin baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasında belgilep berilgen.

Házirgi waqıtta tálim-tárbiya jumısları aldına qoyılǵan juwapkerli wazıypa mámleketimiz, xalıqlarımız umtılıp atırǵan maqsetlerin júzege shıǵarıwdıń, barlıq tarawda úzliksiz rawajlanıwdı támiynlewdiń ajıralmas bólimı hám áhmiyetli basqıshı esaplanadı.

**Ádebiyatlar**


1. Abu Nasr Forobiy. Fozil odamlar shahri. -Toshkent: “Yangi asr avlodi”. 2018. 320-b.
2. Abdurauf Fitrat.Oila yoki oila boshqarish tartiblari. -T.: «Manaviyat», 2000.
3. Abu Rayxon Beruniy. Ruhiyat va talim-tarbiya haqida. –T.: «Yangi asr avlodi », 1999.
4. Abdimuratov P.S. Qaraqalpaq xalqınıń úrp-ádet, dástúrleri hám onıń jaslar tárbiyasında áhmiyeti. –Nókis: «Bilim», 1996. 92-b.
5. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası. – T.: «O‘zbekiston», 2023.



**REZYUME.** Maqolada yoshlarni oilaviy hayotqa tayyorlash mexanizmlari ilmiy-pedagogik jihatdan tadqiq qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье с научно-педагогической точки зрения рассматриваются механизмы подготовки молодого поколения к семейной жизни.

**SUMMARY.** The article deals with the mechanisms of preparing the younger generation for family life from a scientific and pedagogical point of view.


## KIMYONI O‘QITISHDA RAQAMLI TEXNOLOGIYALAR


**M.B.Ajieva** – *pedagogika fanlari nomzodi, dotsent*
*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*
**G.Begmanova** – *assistent o‘qituvchi*
*Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat universiteti*
**T.Naurizbaeva –** *o‘qituvchi*
*Nukus shahar 12-sonli maktab*



**Tayanch so‘zlar**: pedagogika, pedagogik texnologiyalar, kimyo, raqamli va bulutli texnologiyalar, o‘qitishda raqamli texnologiyalar.

**Ключевые слова:** педагогика, педагогические технологии, химия, цифровые и облачные технологии, цифровые технологии в образовании.

**Key words:** pedagogy, educational technologies, chemistry, digital and cloud technologies, digital technologies in education.


Kimyo o‘qituvchilarini tayyorlash, mutaxassisning muhim kasbiy sifatlarini oshirishda zamonaviy axborot texnologiyalarining ahamiyati katta.

«Texnologiya» grekcha so‘z bo‘lib, mohirlik, ustalik, biror ishni uddalay olishni anglatadi. Bu ma’lum bir jarayonga nisbatan qo‘llanilgan. Jarayon deganda esa, maqsadga erishishga yo‘naltirilgan xatti-harakatlar majmuyi tushuniladi. Ushbu jarayon inson tomonidan tanlangan strategiya bilan belgilanadi va turli xildagi vositalar, usullar yordamida amalga oshiriladi [1].

Axborot texnologiyalari to‘g‘risida gap ketganda, material sifati ham, mahsulot sifatida ham axborot ishtirok etadi. Biroq bu obyekt, jarayon yoki hodisa to‘g‘risidagi sifat jihatidan yangi ma’lumot bo‘ladi. Texnologiya axborot bilan ishlash usuli va uslubi hamda texnik vositalar orqali namoyon bo‘ladi.

Bugungi kunda raqamli texnologiyalar shiddat bilan rivojlanib boryapdi va har bir sohada zamon bilan hamqadam odimlashni taqozo etmoqda. Axborot olish va foydalanish tezligi juda yiriklashgan hozirgi davrda ta’lim tizimida raqamli texnologiyalardan foydalanish ta’lim sifatini oshirish va ijtimoy faol yoshlarni tarbiyalashda katta ahamiyatga ega. Biz ilgari ta’lim dasturlarini an’anaviy usuli ya’ni ma’ruzani yirik hajmli kitoblar va qo‘llanmalar orqali amalga oshirilgan shaklda olib borganmiz. Bu esa o‘z navbatida ta’lim sifatining u qadar yuqori bo‘lishini ta’minlamagan. Hozirda ta’lim sifatini ko‘tarishda ta’limni raqamlashtirish jarayoni boshlangan.

Ta’lim tizimining hozirgi holati noan’anaviy ta’lim texnologiyalarning roli ortib borayotgani bilan tavsiflanadi. Ta’lim oluvchi tomonidan ularning yordami bilan bilimlarni o‘zlashtirish an’anaviy texnologiyalarga qaraganda ancha tezdir. Ushbu texnologiyalar bilan bilimlarni rivojlantirish, egallash va tarqatish xarakterini o‘zgartiradi, o‘rganiliyotgan fanlarning mazmunini chuqurlashtirish va kengaytirish, uni tezda yangilash, samaraliroq o‘qitish usullarini qo‘llash, shuningdek, har bir kishi uchun ta’lim olish imkoniyatini sezilarli darajada kengaytirish imkonini beradi [2].

Raqamli texnologiyalar nima, uning kimyoni o‘qitishda qanday ahamiyati bor, degan savollarga quyidagicha javob beramiz: bu – xo‘jalik yuritishning zamonaviy shakli bo‘lib, unda ishlab chiqarish va boshqarishning asosiy faktori sifatida raqamli ko‘rinishdagi katta ma’lumotlar majmuyi va ularni qayta ishlash jarayoni. Olingan natijalarni amaliyotda ishlatish esa an’anaviy xo‘jalik yuritish shakllariga nisbatan ancha katta samaradorlikka erishishga imkon beradi. Misol sifatida turli xildagi avtomatik ishlab chiqarish jarayonlari, 3D-texnologiyasi, bulutli texnologiyalar, masofaviy meditsina xizmatlarini ko‘rsatish, aqlli texnologiyalar yordamida mahsulot yetishtirish va uni yetkazib berishni, turli xildagi tovarlarni saqlash va ularni sotish jarayonlarini keltirish mumkin.

Raqamli texnologiyalar orqali ta’lim berilganda ta’lim oluvchilarga ta’lim olish usullari osonlashmoqda. Bunda esa ta’lim tizimi vositalari rolini multimediyalar, kodoskop, kompyuter, noutbuk, internetga ulangan televizor, telefon liniyalari, smart doska, proektor bajarib beradi. Ta’lim beruvchilarga bunday vositalar bilan dars mashg‘ulotlari o‘tkazish ta’lim sifatini oshirishni ta’minlaydi. Onlayn